Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 24 июль Рузман № 30 (7961) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

26 июль-Дагъистаналъул Конституциялъул Къо

## Районалъул бетIерасул барки

**ХIурматиял районцоял!**

Баркула нужеда пачалихъияб байрам - Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо!



Дагъистан Республикаялъул Конституциялъ лъуна Россиялъул Федерациялда жаниб нилъер пачалихъияб гIуцIиялъе щулияб къучI ва щула гьабуна Дагъистаналъул халкъалъул цолъи, гIасрабазул гIадатал ва миллиял хасльаби.

Нилъеда тIадаб буго тIадегIанаб къиматлъун гьелъ лъазарурал инсанасул ихтиярал ва эркенлъаби цIунизе.

Законал цIуни ва низам чIезаби ккола район цебетIеялъе, гIадамазда гьоркьоб рекъел ва парахалъи букIиналъе хIужжа.

Гьарула нужее ва нужер хьизан-лъималазе сахлъи, рохел, талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Дагъистаналъул Конституция: тарих ва гIадатал

Щибаб соналъ 26 июлалда кIодо гьабула Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул Къо. Гьеб къоялъ, 1994 соналъ, хехго хисулел жамгIиялгун политикиял ва социалиялгун экономикиял шартIазда, къабул гьабуна республикаялъул кIвар бугеб документ - Дагъистан Республикаялъул тIоцебесеб Конституция. Гьелъул проект гIуцIиялъулъ гIахьаллъи гьабуна республикаялъул ХIукуматалъул ва Конституциялъулаб Собраниялъул членаз, гьединго гIалимзабазул ва юристазул хIалтIул къокъаялъ.

Документалъ чIезабуна инсан ва гьесул ихтиярал бищунго тIадегIанаб къимат букIин ва гьел цIуни пачалихъалъул жавабчилъи букIин. Гьенибго бихьизабуна республикаялъул киналго халкъалъул рацад рукIин, гьезул миллияб маданияб хаслъи, гIадатал ва мацI цIунизе букIин.

Федералияб къануназда ва Дагъистаналъул жамгIияб гIумруялъулъ ккарал кIвар бугел хиса-басиялги хIисабалде росун, 2003 соналда къабул гьабуна Дагъистан Республикаялъул ЦIияб Конституция. 1994 соналъул Конституциялъул ирслъун ккараб республикаялъул цIияб Аслияб закон къуваталде лъугьана 26 июлалда, ай, цебесеб Конституция къабул гьабураб къоялъ. 1995 сонадда Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъ Указ бахъана Дагъистаналъул Конституциялъул Къо-26 июль хIалтIулареб къолъун рикIкIине.

Республикаялда дагь-дагьккун ва гьоркьоса къотIичIого цебетIолеб буго федералиялгун республикаялъулал законал рахъи, федералияв нормативиялгун правовиял актазде данде кколарел положениялги нахъе гьарун. Жакъа Дагъистан Республикаялъул Конституция ккола республикаялъул киналниги къануназул къучIлъун, гьелда рекъон къабул гьарула дагъистаниязул гIумру лъикIлъизабиялде ва гьезул ихтиялргун эркенлъи цIуниялде ралагьизарурал нормативиялгун правовиял актал.

Узухьда, жибго Конституция кколаро хисизе бегьулеб документ, гьелъул положение цIигьабизе бегьула жамгIиял гьоркьорлъабазул хиса-басиялги къучIое росун. Конституциялда хвезаризе бегьулареллъун хутIула гIицIго Дагъистан Республика гIуцIарал аслиял принципал, гьединго республикаялда гарантия къурал инсанасул ихтиярал ва эркенлъаби.

Дагъистаналда Конституциялъул Къо ккола республикаялъул халкъал цолъизарулеб ва гьелдаго цадахъ гьезул напсияб хаслъи бихьизабулеб байрамлъун. Байрамалда рихьизе бегьула миллияб ретIел ретIарал гIадамал, гIадатияб квен-тIехалъул махI лъазе бегьула, бегьула халкъияв кучIдул рагIизе. Гьеб къоялъ тIоритIула батIи-батIиял жамгIиял тадбирал, цере рахъуна творчествоялъулал къокъаби, ансамблял, тIоритIула митингал, ватIаналде рокьи загьир гьабулел данделъаби, хIукуматалъул вакилзабазулгун дандчIваял.

Дагъистаналъул Конституция ккола дагъистанияз ва тIолабго жамгIияталъ пикру буссинабулеб къанун. Гьелъул кIвар цIикIкIараб буго гьаб, неонацистаз нилъер халкъазда гьоркьоб тушманлъи бекьизе, гьел цоцалъ разаризе, хIаракат бахъулеб заманалда. Амма жакъа СВОялда дагъистанияз бихьизабулеб бахIарчилъи нилъер халкъалъул гъункиялъул хIасил букIин бичIчIулеб буго гьезда.

**ГIубайдула Малачдибиров**

# Цадахъаб хIалтIул хIасил букIуна

Командировкаялъ щвана дагъал цере къояз ТIадгъаквари росулье. Нухда унаго, къайицадахъазул бицунеб хабар букIана нухазулгун сверухъ бугеб рацIцIалъиялъул ва кIиябго Гъаквари росдал бегавулас гьабулеб хIалтIул бицун. Гьезухъ гIенеккарай дица абуна эркенаб



гугариялъул турниралдеги унел ругин, дора риччазе лъикIин нуж гугаризе щивдай бергьинев Рашид ва Шамил рещунилан. КIиявго лъикIал ругин, цохIо батIалъи бугин Рашидил гIумрудулги хIалтIулги стаж цIикIкIараб букIин, кIиялго рекъонги хIалтIулин, гIаммал ишалги гьезул гIемер рукIунин абун, маслихIат дицаги гьабуна. Гьелда гьелги разилъана.

ЦохIо гьеб къоялъ гуребги, гIемер рагIана росуцоязги лъикIал рагIаби абулел кIиявго бегавуласул рахъалъ. Жакъа пикру ккана, тIадехун дицаго абухъе, стаж цIикIкIараб бугелъул, Рашид АхIмадовасулгун гара-чIвариги гьабун, росулъ ккарал хиса-басиязул бицине.

ГIагараб росулъ лъикIал кьиматазда школаги лъугIизабун, политехникияб институталде цIализе анна Рашид АхIмадов. Гьелдаса хадуб тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубана Советияб Армиялда. ГIагараб росулъе тIад вуссарав гIолохъанав специалист цин колхозалда, хадув-школалда хIалтIана. 2015-леб соналдаса нахъе хIалтIулев вуго росдал администрациялъул бетIерлъун. Гьев вуго щиб суалгун росуцоял асkIоре рачIаниги, гьезул мурад тIубазе хIаракат бахъулев бегавул.

**-Рашид, тIоцебесеб иргаялда, росулъ гьарурал хIалтIабазул бицеха.**

-Гъоркьгъаквари росу буго 1700 метралъ ральдал тIиндаса борхалъуда. ЦIедакь росугун Гьавукь ва ЦIуйди кулаби уна росдал администрациялде гьорлъе. Тарихалда жаниб лъикIаб лъалкIги тараб, некIсиябго абуниги бегьулеб, лъикIал, щиб суалгун дун жидеда асkIове вачIани, дир рахъги ккун гьеб тIубазе, хIажалъи ккаралъур хIалае рахъине хIадурал, гьоболгьудул хирияв гIадамазул росу буго. Росулъ буго ток, газ, щибаб рокъоб лъим. Росу цIилъулеб буго, ралел руго цIиял минаби, цIигьарулел руго чIваданазде сверарал рукъзалги. Росулъ буго махщел камилал, жидерго иш лъан цебехун бачунел специалистаздалъун хьезабураб школа, лъималазул ах, библиотека, ФАП, поч, клуб, жамгIиял хъулухъазе- ургъел-рохелалъул дандерусинал тIоритIизе бакIги. Араб ва исана соналда къачIана бакIалъулаб кIвалалъул росдал кIиго къо. Росу бакъулъ букIараб кIкIалги цIезабун, имам Шамилил заманалдаса нахъего букIараб мажгит цIигьабуна берцинал михIмаралги гьарун жиндирго рахъалъан сайгъат хIисабалда росуцоязе Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас.

**-Кин тIубалеб ришни-къул бакIариялъул суал?**

-Гьеб рахъалъги буго нижер чIезабураб низам. Ришни-къул буссинабизе буго хас гьабураб бакI. Ришни баччулеб машинадул шоферасе мухь кьола хас гьабураб росдал фондалдаса. Ришниги анкьида жаниб цо нухалъ бакIарула ва хас гьабураб бакIалде щвезабула. РацIцIалъи иманалъул бащалъи букIин кIочонаро дир росуцоязда. Вохарав вуго гьединал гьел рукIиналдаса.

**-КъватIазда къасисеб канлъи бугищ?**

-Гьеб суалги нижер роцIцIараб буго. Токалъул канлъиялдалъун гвангъизарула маркIачIул мех щвараладаса нахъе росдал къватIал. Амма бокьилаан токалъул хIубалкваразул рахъ жеги лъикIаб букIине.

Гьанибго абила лъел рахъалъул суалги. Щибаб рокъобе гьеб квалквал гьечIого бачIиналъе кумеквербакъи гьабуна къурулъ бугеб ищухъе щвезегIан ракьи бухьун, маршу лъезе трактор битIарав депутат ГIабдурахIманица, гIарцудалъун тохтур МухIамад ГIабдулхабировас ва хIалтIи рагIалде щвезегIан букъараб зар гIадин, цолъун, гъункун хIалтIарал росуцояз. Гьезул рохел дирги рохел ккола.

**-Чара гьечIел ккола нилъее хIинкъи гьечIел нухали…**

-Гьебги буго районалъего гIадин, нижееги кIвар цIикIкIараб суал. ГьабсагIат, ралел цIадазухъ балагьичIого, абизе бегьула автотранспорт хьвадиялъе хIинкъи гьечIеб бугин росулье нух абун. Дагъаб цебеги тIобитIана нухал рацIцIиялъул ва къачIаялъул гвай. Нухазул управлениялъ битIана трактор. Баркала АхIмад Давудовасе нижер гьари нахъчIвачIого, кумек гьабуралъухъ.

**-Аслияб куцалда, кинал суалал рукIунел жамагIаталъул рахъалъан?**

-Киназулго гIадин, гIолохъаби хIалтIудалъун хьезариялъул, гьелъие ресал-шартIал ралагьиялъул, рацIцIалъи чIезабиялъулгун нухазул, лъалъалеб лъел, ригьал гьеб гIоларо, гьединльидал хIажат буго лъаракьан цIияб лъел мухь бачине, ток свиналъул, хасго хасало. Росдал гIолохъабазе хIажат буго мини-футбол хIазениги байдан, хIавуз къачIазе (цIигьабизе) ккола. ГIи-боцIул суалалги камуларо, хасалил-риидалил мучIдузул, хIораб боцIи жанибе буссинабизе чали бай, къачIаялъул. ЦохIо харж къезе гурони гIолареб росдал администрациялъул бюджет нахъе хутIани, биччала росдал хIажалъабазе, амма сонидаса сониде гьеби мукъсанлъулеб буго.

Аслияб жо-халкъгун цадахъги хIалтIун, гьабураб хIалтIул хIасил бачи ва гьелдаса жамагIат разилъи буго дие.

**-Басрияб минаби цIигьарулел ва тIадеги цIиялги ралел ругин абунаха дуца. Гьеб кколаха росулъ гIолилал рукIин…**




-Росулъан цо-цо ккун хьизанал гIатIиракьалде гочиналъул суал нижехъги бегIерго гьечIониги, буго. ТIоцебесеб гIиллаги, хIалтIи гьечIолъи буго. Ралел бакIаздаги киназего гуро хIалтIаби щолел, гIи-боцIи хьихьизегун ах-хур бекьизе-хIалтIизабизеги, кигIанго бокьичIониги, гьанжесел гIелалъе бокьулеб гьечIо. Экологияб рахъалъ бацIцIадаб, росулъ бижараб нигIмат киназего бокьулеб буго, амма гьеб бижи-гIезабиялда тIад хIалтIизе лъиего бокьулеб гьечIо. Школа лъугIун тIадеги лъай босизе росулъа арал гIемерисез шагьаралдаго чIезе хIукму гьабулеб буго, камуларо тIаде руссун, росулъ яшав гьабун чIолелги. Къокъго абуни, росулъе рачIунездаса, росулъан къватIире унел цIикIкIун руго.

Руго нижер гIолохъаби Украиналда унеб бугеб рагъулаб хасаб операциялдаги. КигIанго бокьичIониги, рагъалъ вассал гьаруларелъул, камиялги ккана. Жидерго тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазе армиялде аралги руго гIолохъаби. Божула гьелги росулъе тIад руссинин ва росдал сипат берцин гьабиялъулъгун гьелъул жамгIияб гIумрудулъ гьезги мустахIикъаб лъалкI телин абун.

Росуцоязе баркала загьир гьабула сундулъго дида хьолбохъ эхетиялъухъ. ЖамагIаталъул газа къурдаги рекIуна, росуцоязул кумек-квербакъи гьечIони, щибго кIодолъи-пахрулъи гьечIого, дица абила, дунги гьечIилан. ХIаракат бахъила хадуккунги бегьараб хIалтIи росдал социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялда тIад гьабизе.

**Хадижат Залимханова**

# Богатство, которое нельзя потерять: интервью руководителя Цумадинского лесничества Магомеда Расулова

**Лесные массивы нашего района - это не только уникальная природная сокровищница, но и важнейший экономический ресурс района. Сохранение этого богатства напрямую зависит от слаженной работы специалистов лесного хозяйства и соблюдения**



**правил пожарной безопасности каждым из нас. В преддверии пожароопасного сезона мы беседуем с руководителем районного лесничества Магомедом Расуловым о том, какие меры принимаются для защиты лесов от пожаров, какова ситуация на вверенной территории и что может сделать каждый житель, чтобы предотвратить беду.**

**-Здравствуйте, Магомед! Спасибо, что нашли время пообщаться. Начнём с главного: какова сегодня главная угроза для лесов нашего района?**

-Здравствуйте! Главная угроза, пожалуй, остаётся прежней - это пожары и незаконные вырубки. В наших горных условиях пожар распространяется стремительно, а из-за труднодоступности участков тушить его бывает очень сложно. Что касается вырубок - мы стараемся держать ситуацию под контролем, но иногда приходится сталкиваться с тем, что люди рубят деревья для собственных нужд, не задумываясь о последствиях.

**-Расскажите, какие меры принимаются для предотвращения лесных пожаров?**

-Мы проводим целый комплекс мероприятий.

Во-первых, регулярно очищаем леса от сухостоя и валежника - это снижает риск быстрого распространения огня.

Во-вторых, обустраиваем противопожарные разрывы - они служат барьером для низовых пожаров.

В-третьих, ведём постоянный мониторинг: патрулируем территорию, используем данные спутникового наблюдения. Ну и, конечно, большую роль играет профилактическая работа с населением - рассказываем, как вести себя в лесу, почему нельзя разводить костры в неположенных местах.

**-А как обстоят дела с восстановлением леса? Есть ли программы по посадке новых деревьев?**

-Да, лесовосстановление - одно из ключевых направлений нашей работы. Мы ежегодно высаживаем тысячи саженцев. В основном это сосна, берёза, дуб, ясень - те породы, которые хорошо приживаются в нашем климате. Кроме того, стараемся восстанавливать участки, пострадавшие от пожаров или вырубок. Например, на одном из склонов, где несколько лет назад был сильный пожар, мы высадили смешанный лес и огородили его сеткой, чтобы молодые деревья не повредили животные. Сейчас там уже подрастает новый лес.

**-Насколько активно в этой работе участвуют местные жители и волонтёры?**

-Участие местных жителей очень важно. Мы регулярно проводим акции, такие как «Сад памяти», где вместе с жителями, школьниками и волонтёрами высаживаем деревья. Люди понимают значимость этой работы, многие сами предлагают помощь. Особенно радует, что к таким мероприятиям активно подключается молодёжь - значит, формируется правильное отношение к природе.

**-Вы упомянули работу с населением. Расскажите подробнее, как строится эта работа?**

-Мы стараемся действовать не только через официальные предписания, но и через диалог. В сёлах проводим встречи, рассказываем о правилах поведения в лесу, о последствиях нарушений. Важно, что в нашей культуре большое значение имеют традиции и уважение к старшим, поэтому мы привлекаем к этой работе аксакалов - их слово имеет большой вес. Например, есть старинная заповедь: «Не берись за топор, пока в лесу есть сушняк». Мы напоминаем об этом молодым людям, и это работает.

**-Какие ещё факторы, кроме пожаров и вырубок, влияют на состояние леса?**

-Немаловажную роль играет изменение климата. Мы замечаем, что некоторые виды растений начинают вести себя иначе - раньше или позже зацветают, меняют ареал распространения. Кроме того, есть проблема так называемой «ботанической агрессии» - когда одни виды вытесняют другие. Мы следим за этим и стараемся поддерживать естественное биоразнообразие. Ещё один фактор - это использование леса для выпаса скота. Если не контролировать этот процесс, животные могут повредить молодые побеги и помешать восстановлению леса.

**-Есть ли у вас планы по развитию лесного хозяйства в районе?**

-Планы, конечно, есть. В первую очередь - продолжать работу по охране и восстановлению лесов. Хотим расширить сеть противопожарных разрывов, обновить парк техники для патрулирования и тушения пожаров. Также планируем активнее привлекать молодёжь к экологическим проектам - например, создавать школьные лесничества, где ребята смогут изучать природу и участвовать в практических работах. Ещё одна важная цель - повысить осведомлённость людей о ценности леса, чтобы каждый понимал: лес - это не просто деревья, это целая экосистема, от которой зависит благополучие всего района.

**-Спасибо за такой подробный рассказ. Желаем успехов в вашей непростой, но очень важной работе!**

- Спасибо! Будем стараться беречь наш лес для будущих поколений.

# Профилатика вместо тушения: главнаястратегия защиты наших

Лес - это не просто скопление деревьев, а сложная и хрупкая экосистема, жизненно важная для всей планеты и, в частности, для нашей страны. Россия - лесная держава: на её долю приходится почти пятая часть мировых лесных запасов. Леса - наше национальное богатство, и относиться к нему нужно бережно и ответственно.

Значение леса трудно переоценить. Прежде всего, это «лёгкие» планеты: деревья поглощают углекислый газ и вырабатывают кислород, без которого невозможна жизнь. Один гектар леса за год способен поглотить несколько тонн углекислого газа и выделить до 10 тонн кислорода. Кроме того, леса регулируют климат, сохраняют водный баланс, предотвращают эрозию почв и формируют плодородный слой.

Не менее важна роль леса как дома для огромного разнообразия живых существ. В лесных экосистемах обитают тысячи видов животных, птиц, насекомых, произрастают редкие растения и грибы. Уничтожение леса ведёт к сокращению биоразнообразия и исчезновению уникальных видов.

Для человека лес - источник ценных ресурсов. Это древесина, используемая в строительстве, производстве мебели, бумаги и множества других товаров. Из леса получают смолу, живицу, лекарственные растения, ягоды, грибы. При этом важно помнить: лес - возобновляемый ресурс, но только при условии разумного и бережного отношения.

К сожалению, не все осознают ценность лесных богатств. Ежегодно фиксируются многочисленные лесонарушения: незаконные рубки, поджоги, захламление мусором, самовольное занятие лесных участков. Последствия таких действий катастрофичны: гибнут деревья, выгорают огромные территории, уничтожаются места обитания животных, ухудшается качество воздуха и воды.




Но просто соблюдать правила - мало. За нарушения предусмотрена ответственность.

Российское законодательство строго регулирует использование и охрану лесов и предусматривает ответственность за нарушения. В зависимости от тяжести проступка нарушители могут понести административную, гражданскоправовую или уголовную ответственность.

Административная ответственность предусмотрена Кодексом РФ об административных правонарушениях (КоАП РФ). Например, за незаконную рубку, повреждение лесных насаждений или нарушение правил пожарной безопасности в лесах грозят штрафы, а в отдельных случаях - конфискация орудий правонарушения.

Гражданско-правовая ответственность предполагает возмещение ущерба, причинённого лесному фонду. Размер вреда рассчитывается по специальным таксам, и виновный обязан его компенсировать - даже если уже привлечён к административной или уголовной ответственности.

Уголовная ответственность наступает за наиболее серьёзные нарушения , например, за незаконную рубку в значительном, крупном или особо крупном размере (ст. 260 УК РФ) либо за уничтожение или повреждение лесных насаждений путём поджога либо в результате неосторожного обращения с огнём (ст. 261 УК РФ). Санкции здесь гораздо строже: от крупных штрафов до лишения свободы на срок до 10 лет.

Помимо юридических мер, важна и профилактическая работа: просвещение населения, воспитание экологической культуры с детства, развитие волонтёрских инициатив по охране и восстановлению лесов. Каждый из нас может внести свой вклад в сохранение зелёного богатства: не оставлять мусор в лесу, соблюдать правила пожарной безопасности, участвовать в посадках деревьев и экологических акциях.

Беречь лес- значит беречь будущее. Это задача не только государства и надзорных органов, но и каждого гражданина. Только совместными усилиями мы сможем сохранить леса для следующих поколений, чтобы они тоже могли наслаждаться их красотой, дышать чистым воздухом и пользоваться дарами природы. Берегите лес!

**Магомед Расулов,** руководитель Цумадинского лесничества

# Баркала гьоболлъиялъухъ

Киназдаго лъалеб батила дагьаб цебе дир гIагараб ТIадгъаквари росулъ тIобитIараб эркенаб гугариялъул турниралъул хIакъалъулъ. Бокьун буго ракI-ракIалъулаб бокьун буго гьезда жидер кIвахI тараб захIматалъулъги кIудияб бутIа бугин спорстменазул хIасилазулъ абун. Республика бахун къватIисан рачIараздагицин жал гьоболлъухъ цинлъиялъухъ, гьал гьайбатал лахIзатазухъ, хIурматиял ясал, яцал!»-абун букIана щивасул калам. ГIенеккизе анищха нуж лъималазухъ! Свакги, хIаязда цебе




баркала загьир гьабизе кIиго къоялъ спортсменазегун гьалбадерие тIагIамаб кванил тепси чIезабурал гьакварисезул ясазе. Абизе ккола, гьединал ва цогидалги жамг1иял тадбиразулъ кидаго жигараб гIахьаллъи букIунин гьезулилан. ЦIар-цIарккун абичIониги, абизе ругин кколеб букIинчIо нужер разияб гьимиялъухъ ва гьалбал къабул гьариялъухъ балагьун. Нилъер гьобол-гьудул хиралъи бичIчIуларезе гьеб букIана тамашаяб асар рекIелъ тараб лахIзат.

«Баркала тIагIамаб кванихъ, баркала нужер ракIазул бер- жидерго бугеб хIалуцинги кIочолеб букIана гьезда ашбазалдаса къватIире рачIиндал. Цоги нухалъ баркала нужее, тIадгъакварисезул дир гIагарал ясал!

**Нужедехун адаб-хIурматгун,**
**КунтахIажи ГIумаров**

# Конкурс на замещение должности главы администрации сельского поселения

Решением №4 от 21 июля 2026 г. Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» на 24 августа 2026 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский».

Приём документов граждан, желающих принять участие в конкурсе, будет осуществляться с 24 июля по 21 августа 2026 года в здании администрации сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1.Личное заявление на участие в конкурсе;

2.Собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий размером 4х5-3 шт;

3.Паспорт или заменяющий его документ;

4.Документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

-документ о профессиональном образовании;

-трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5.Сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой (супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6.Согласие на обработку персональных данных также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им Программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать: -оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета.

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» Р. Магомедов**

## Налоговая служба

# ФНС изменила правила рассылки имущественных налогов для россиян

В ноябре 2025 года Госдума внесла изменения в порядок получения налоговых уведомлений. Теперь сообщения об имущественных налогах по умолчанию будут направлять на «Госуслуги» наряду с личным кабинетом налогоплательщика.

С 1 августа 2026 года налоговые уведомления по имущественным налогам для физических лиц будут автоматически направляться в личные кабинеты пользователей на портале «Госуслуги». Об этом сообщается на сайте Федеральной налоговой службы.

Как отметили в ведомстве, ранее для получения документов в электронной форме необходимо было подавать отдельное заявление. Теперь уведомления, требования об уплате задолженности и решения о ее взыскании будут поступать всем гражданам, имеющим подтвержденную учетную запись.

Осенняя кампания по уплате имущественных налогов за 2025 год, как уточнили в ФНС, пройдет уже в соответствии с новым порядком.

Для пользователей сервиса «Личный кабинет налогоплательщика» на официальном сайте ФНС прежний порядок сохраняется. Бумажные квитанции по почте будут получать только те граждане, у которых отсутствует подтвержденный аккаунт на «Госуслугах» и доступ к электронным сервисам налоговой службы.

В ноябре 2025 года Госдума внесла изменения в порядок получения налоговых уведомлений. Согласно новым правилам, сообщения об имущественных налогах по умолчанию должны направляться на «Госуслуги» наряду с личным кабинетом налогоплательщика. Ранее для получения уведомлений через портал требовалось отдельно подключать соответствующую услугу.

## Динияб бокIон

# Кумек гьабе

**Исламияб диналъ нилъ ахIула рукъалъул агьлугун ва, хасго руччабигун, хIеренго рукIиналде. Рокъоб гьабулеб хIалтIуецин чIужуялъе квербакъи гьабизе кколеблъиялде ахIула нилъ шаргIалъ.**

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Нужеца руччабазулгун гьабулеб цадахъаб гIумруялъулъ гьездехун лъикIаб гьалмагълъи гьабе. Берцинаб рагIи бицун, хIалимаб, хIеренаб гIамал гьабун», - илан (сурату «Ан-Нисаъ», 19 аят). Гьеб аяталда Аллагьас ﷻ нилъ ахIулел руго руччабигун берцин рукIиналде. Напакъа, ретIел ва цогидабги гьезие кьезе кколеб хехго кьеялде.

Гьаб дунялалда нилъее сундуего мисал вугев чи вуго Авараг ﷺ. Жиндирго рукъалъул руччабигун бищун хIеренавлъун, сахаватавлъун, кидаго гьумер разиявлъун вукIана гьев ﷺ. ГIадамазул бищун ракI гъуравлъунги вукIана. Манавияс бицана: «Хъизан-агьлугун хутIараб мехалъ Авараг ﷺ вукIана махсаро-хочI гьабулевлъун», - илан. Махсаро гьабулагоги киданиги гьереси бицунароан Аварагас ﷺ. Махсаро гьабун кIалъалаго гIодове валагьулаан. Абу Гьурайратидасан бицана: «Аварагасда асхIабзабаз абуна: «Я, Бичасул Расул, дуца нижее махсаро-хочI гьабула», - ян. Аварагас ﷺ жаваб гьабуна: «Гьабула, амма дица махсаро гьабулагоги хIакъаб гурони бицунаро», - ян.

АсхIабзабигун ва лъудбигун Авараг ﷺ вукIунаан гьезул цояв гIадин, ай ватIакIанцIун чIун вукIунароан, гьелгун жува-гъуван, берцинаб кIалъай гьабулаан. ГIайшатица бицана: «Цониги жо гьабулелъул Аварагас ﷺ цадахъ гьабулаан. ЦIарагIалъуса дица лъим гьекъедал, дир кIутIби хъвараб бакIалдасан гьекъолаан гьесги ﷺ. Ракьаялда тIад, дица кванан нахъе хутIараб гьан, кваналаан ва дир накабаздаги ваччун Къуръанги цIалулаан», - илан.

Цо къоялъ жинда Аллагь ﷻ разилъаяй ГIаишатица Аварагасда ﷺ бицана Умму ЗаргI абурай гIаданалъул хIакъалъулъ: «11 чIужугIаданалъ къотIи гьабун буго россабазул хIакъалъулъ щибго бахчиларин абун. Цинги щивалъ байбихьун буго жиндирго рос веццизе. Гьезул бищунго рос веццулейлъун ва росас кьолел нигIматал гIемер рихьулейлъун йикIана Абу ЗаргIил чIужу», - ян. Цинги Аварагас ﷺ ГIаишатида абун буго: «Умму ЗаргIие Абу ЗаргIадин вукIина дун дуе», - ян.

# Бечелъизе бокьун бугищ?

**Бечелъизе бокьуларев чи гьаб дунялалда цониги ватиларо. Бечелъи шаргIалъ гьукъараб жо гьечIо. Амма гьелъ гIемерисел гIадамал гуккулел рукIиналъ, чIухIи бачIинабулеб батиялъ, пахрулъи бижизабиялъ, ахираталдаса рикIкIалъизариялъ, закат-сахI бахъизе кIвахIаллъиялъ исламалъ гьеб какула.**

Бичасул аварагас ﷺ асхIабзабазда малъана ризкъи бигьалъиялъе сабабал. Гьединаздаса цояблъун ккола Сагьлу бину СагIидиясдаса бицараб хIадис: «Бичасул аварагасде ﷺ цо чи зигардана жиндир пакъирлъиялдалъун ва магIишаталъулъ бугеб къварилъиялдалъун. Бичасул аварагас ﷺ гьесда абуна, рокъове лъугьунелъул гьенив ватарав чиясе салам кьеян. Гьенив щивго чи ватичIони жиндие салам кьеян. Цинги суратул «Ихлас», ай къулгьу цIалеян. Малъухъе гьабунила гьев чияс. Аллагьас гьесие боцIи-мал гьарза гьабунила, хIатта мадугьалзабазецин щолебгIан къадаралда», - ян.

Балагьеха, диналъул агьлу, захIматаб жо бугищ гьеб? Рокъове лъугьунелъул, саламги кьун, цо нухалда суратул «Ихлас» цIализе бугоха. ЦIакъго бигьаяб жо гьечIищ? Гьединлъидалин цIакъго кIвар гьабизе кколеб гьединал суннатазул. Аллагьас кумек гьабеги.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# Дица досухъа ярагъ бахъана

ВукIанила щибго гьечIеб бакIалда дагIба – рагIи балагьизе бокьулев, кинаб багьана батунги, гIадамазе лазатбахъи гьабулев, гIамал къосарав цо чи. Гьедин дандиявги ццидахинавун, гьев чи кидаго бергьенлъи босун нахъе унаанила ва гьелдаса кIудияб лазатги щолаанила гьесие.

ВачIанила гьадав чи жиндирго ругьунаб гIамалгун гIумру бихьарав цо херав чиясухъе. МацIалда рачIаралщинал цIакъго хIакъирал рагIаби абулел рукIанила гьес херасда. Херав абуни жинда щибго рагIулеб гьечIебгIадин, щибго хIал лъалаб жоги гьабичIого, гьесухъги валагьун гьимулев вукIанила.

ЛъикIалан заманалъ жинда ругьунаб гьеб хасият херасдаги бихьизабун, гьес жаваб къечIого, кьерхун чIегIерлъараб гьумергун гьадав чи нахъе анила.

-Гьадаб хIалалъ адаб тун дуде тIаделъараб мехалда, цо хIакъаб рагIиги абун щай дуца дов пасикъ чIезавичIев, - илан абунила гьеб киналъего нугIлъун вукIарав цо гIолохъанчияс

-Дуе сайигьатги босун цо чи вачIани, гьеб дуца къабулги гьабичIони, сайигьаталъул бетIергьан щив вукIунев? – илан гьикъанила херас.

-Дица босичIони сайигьат дов чиясе жиндиего хутIилаха.

-Гьелеха, дица гьадав чиясе жаваб кьурабани, дов тIадеги ракI регьун, ахIи - хIур гьабизе лъугьинаан. Жаваб кьечIелъул, мурадалдеги щвечIого, кьерхун куцгун, ццидаца гъанкъулаго ана дов нахъе. ХIасил – калам, жакъа дица досул ярагъ бахъана.

**Аби:**
**Жинда хIакъирлъиялъ хIал гьабурасин,**
**ХIакъирлъи бецIизе бакI балагьулеб…**

Эркенаб гугари

# Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи ракIалде щвезаруна

19 июлалда ТIадгъаквари росулъ тIобитIана Украиналда унеб бугеб рагъулаб хасаб операциялъул гIахьалчагIи-росуцоял ракIалдещвеялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ рагьараб турнир. Гьенир гIахьаллъана республикаялъул районаздасагун шагьараздаса ва гьеб бахун къватIиса 9-19 соназул ригьалъул речIчIухъаби. Къецал ккана цохIо спортивияб тадбирлъун гуребги, гIисинал речIчIухъабазе ракьцоязул бахIарчилъи, къохIехьей бихьизабулеб мисаллъун, рагъда ругезул багьадурлъиялъе мустахIикъаб къимат кьейлъун, абадиялъего гьезул гьунар ракIазулъ хутIиялъун.

Чвахун балеб цIадалъухъгун хварал нухазухъ балагьичIого, спортсменазда цадахъго спорт бокьулелги, гугарухъабазул гIагарлъиялълуги гIемерав чи вукIана спортзалалъув, районалдаса ва гьеб бахун къватIисан вачIарав.

Регбиялъул Дагъистаналъул федерациялъул вице-президент КунтахIажи ГIумаровас загьир гьабураб турнир тIобитIиялъул пикруялъул рахъ ккуна тIолго тIадгъакварисез, бетIерлъада росдал школалъул директор МухIамад ИсмагIиловгун ва администрациялъул бетIер Шамил ХIасбулаевгун.

Исана тIоцебесеб нухалъ тIобитIараб турниралъул аслияб мурад букIана росулъ ва районалда спорт, гьелдаго гьорлъ эркенаб гугари машгъур гьаби, гIун бачIунеб гIелалъ сахаб гIумру тIаса бищи, спорталъулъ аслияб жо медалал гуреб, багьадураб, къо хIехьолеб хасият букIин бичIчIизаби, гьудуллъи-вацлъи щулалъизаби.

2007-2008 соназ гьарурал-70 кг., 2009-2010 соназ гьарурал-52/ 71/ 80 кг., 2011-2012 соназ гьарурал-45/ 48/ 60 кг., 2013-2014 соназ гьарурал- 36/ 48 кг., 2015-2016 соназ гьарурал-35/ 40 кг., 2017 соналъ гьарурал- 27/30, 35 кг. цIайиялда цеве вахьана 84 речIчIухъан. Гьел рукIана Санкт-Петербург, Краснодар, Астрахань, Гьизляр, Хасавюрт, Гьизилюрт, МахIачхъала, Дагестанские Огни, Дербент шагьараздасагун Ахти, Дербент, Гьизилюрт, Хасавюрт, Гьизляр районаздаса ва мадугьалзаби Чачаналъа командаби. Камилищха районалъул речIчIухъабиги! Гьел рукIана Агъвалиса, Инхокъвариса, кIиябго Гьаквариса, Льондодаса, ТIиндиса, РичIагьанихъа ва цогидал росабалъа. Рохараб хIужа букIана цIикIкIарасеб къадар гугарухъабазул батIи-батIияб регионазул командабазул вакилзабилъун рукIаниги, дагъистанияллъун рукIин. Гьезда гьорлъги камичIо ракьцоял-цIумадисел речIчIухъаби.

Турниралъул чемпионазе ва призеразе къуна рекьон кколел даражабазул грамотабигун медалал ва 5000, 3000 ва 2000 гьурущ гIарцулгун сайгьатал.

Рачлие гIоло гьарурал къеркьеязулъ 27 кг цIайиялда чемпионаллъун вахьана Краснодаралдаса МухIамад МухIамадов («Танк»), 30 кг. цIайиялда - ва МухIамад МухIамадов.

27 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Шамил ХIажиев, лъабабилеб бакIалде ккана ГIабдула МухIамадов.

30 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Краснодаралдаса Оганесян Грант, кIиабилеб бакIалде ккана ТIиндиса МухIамад МухIамадов ва лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна Агъвалиса ГIусман Хизриевас.

35 кг. цIайиялда чемпионасул цIаралъе мустахIикълъана ТIиндиса ГIабдулаев МухIамад, кIиабилеб бакIалде ккана Агъвалиса Разакъов Сабир, Гьаквариса ХIамза Абакаровгун ТIиндиса Халилов МухIамад ккана лъабабилеллъун.

36 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Теречниялдаса МухIамад ПатахIов, кIиабилеб бакI босана РичIагьанихъа Амин ТIалхIатовас, лъабабилеб бакIалде ккана ТIиндиса ГIалибахIарчи МухIамадов ва РичIагьанихъа МухIамадрасул МухIамадов.

40 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Льондодаса МухIамад ГIумаханов, кIиабилеб бакI ккуна МахIачхъалаялдаса МухIамад ГIабдурахIмановас, лъабабилеллъун ккана МухIамадов Гьазияв, Санкт-Петербургалдаса МухIамад ГIалибахIарчиев ва Краснодаралдаса Роберт Карапетян.

45 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Ахтиялдаса ГIабдурахIимов ГIазиз, кIиабилеб бакIалде ва Агъвалиса Рамазан Нажмудинов, лъабабилел бакIазде ккана МахIачхъалаялдаса МухIамад ГIабдурахIмановва Санкт-Петербургалдаса Аким Керимов.

48 кг. цIайиялда чемпионаллъун рахьана Краснодаралдаса Тамерлан Ферзалиев ва Хъвайниса Халид Пахрудинов, кIиабилеб бакI ккуна Агъвалиса Халид Ибрагьимовас ва Астраханалдаса СаидахIмад ГIабдурахIмановас, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна Гьизляралдаса Абубакар Ахтемировас, Гьаквариса Амир Нуцалхановас ва РичIагьанихъа Аюб ХIамзатовас.



60 кг. цIайиялда чемпионаллъун рахьана Ясная Поляналдаса ХIайдарбегов ХIайдархан ва МахIачхъалаялдаса Дибиров ХIайдархан, кIиабилеб бакIалде ккана Краснодаралдаса Напцок Эльдар ва лъабабилеб бакIал рикьана Гьаквариса МухIамад ГIусмановасгун Теречниялдаса ГIагьир ПатахIовас.

70 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Цветковка росулъа Гошдадов Сажид, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде ккана олимпиялъулаб резервалъул Хасавюрталъул школалдаса Атлангереев Ясин ва Писаев АхIмад.

71 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Хасавюрталдаса АхIмад ГIисаев, кIиабилеб ва лъабабилел бакIазде ккана Агъвалиса ГIалавдинов МухIамад ва ГьазимухIамадов ГIабдула.

80 кг. цIайиялда чемпионлъун вахьана Гьизляралдаса МухIамадов ГIабдула, кIиабилеб бакIалде Краснодаралдаса МухIамадов ГIабдула ва лъабабилеб бакIалде Агъвалиса Гьазиев ХIажимурад ккана.

Турниралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов. Гьес киназдаго баркана турнир рагьи, гьарана речIчIухъабазе бергьенлъаби ва балагьаразе ракIалдаса унарел лахIзатал.

-ХIурматиял спортсменал ва спорт бокьулел! РакI-ракIалъ баркула нужеда турниралъул байрам, урхьараб салам нужеде гьалбал хиряял цIумадисезул рахьалдаса. Гьанир ракIарун руго хIинкъи-къай лъаларел, къуркьи гьечIел, цере лъурал масъалаби тIуразе кIолел гIолохъаби. Нужер щивав ккола, жакъа СВОялъул гIахьалчагIазго гIадин, цебе лъураб масъала ракIбацIцIадго тIубазабизе бахъулеб хIаракатальул гвангъараб мисал. ГIицIго заман иналъе спортгун расандулел чагIи гуро нуж. Нужеца куцалеб буго нужерго гIамал- хасият, къуват, гуч, къохIехьей, цохIо гьаниб, ургуялда гуребги, хадубккунисеб гIумрудулъги нужее батизесеб. Гьедин букIин бихьулеб ва бичIчIулеб буго жакъа рагъда ругел нилъер гIолохъабаздаги, цо кидаялиго жалги гугариялдаги, спорталъул цогидал тайпабазда гIахьаллъулел рукIарал. Спорт гIумругун бухьинабурал нужеца квербакъулеб буго спортсменазул цIияб гIел куцазе, машгъурлъизабулеб буго гугари ва сахаб гIумру, рес кьолеб буго нужерго гуч ва къуват гIолохъанал спортсменазда бихьизабизе, гьезда гьоркьоб гьудуллъиялъул бухьенал щула гьаризе. Гьарула киназего бергьенлъаби, рекIел мурадал тIурай ва ракIалдаса унарел гвангъарал лахIзатал гIемерлъи», - ян абуна Х.МухIамадовас. Гьединго гьес баркала загьир гьабуна тадбиралъул гIуцIарухъабазе.

Гьединалго баркиялъул кIалъай гьаруна ТIадгъаквари росдал администрациялъул бетIер Шамил ХIасбулаевас, Агъвали мажгиталъул имам Абубакар Сулеймановас, СВОялъул гIахьалчагIи Султан ГIумаровас ва ЩагIбан ИсмагIиловас, росдал школалъул директор МухIамад ИсмагIиловас ва цогидазги. Гьез баркала загьир гьабуна турниралъул гIуцIарухъабазе, бицана инсанасул гIумрудулъ спорталъул бугеб кIваралъул, гьелъ инсанасул къвакIи, къохIехьей куцаялъул, спортивиял тадбираз гьудуллъи-вацлъи щулалъизабиялъул, гьабсагIат фронталда бугеб ахIвал-хIалалъул, гьениб нилъер гIолохъабаз бихьизабулеб бахIарчилъиялъул, киналго спортсменазе гьарана спортивияб икъбал.

Турниралъул гIахьалчагIазе ва гьалбадерие кIиго къоялъ гIуцIун букIана тIагIамаб кванил тепси.

РакIалдещвеялъе сайгьаталгун Баркалаялъул кагътал къуна турниралъул гIуцIарухъабаз росуцоял-СВОялъул гIахьалчагIазегун тренеразе.

Абубакар Сулеймановас абухъего, турниралъ байбихьи лъуна цохIо ТIадгъаквари гуребги, тIолго районалдаго гьединал тадбирал тIоритIиялъе. Гьез квербакъула цохIо гIолилал спорталде машгъулъиялъегун сахаб гIумру тIаса бищизе гуребги, ватIаналде рокьи бугелльун рахьинеги, рагъул байдабазда абадиялъего хутIарал ва жакъа цебесеб кьерда ругезул мисалазда жалго жидедаго тIад чIун, жидерго хасиятгун напс куцазе, бахIарчиял умумузул ирсилаллъун рахьизе.

Турнир киназуло ракIазулъ хутIана халкьалъул цолъи, къвакIи, рухIияб къуват ва умумузулгун наслабазул гьоркьоса къотIи гьечIеб бухьен бихьизабулеб гIаламат хIисабалда. Спорт бокьулезул ракIазулъ кIочонарел лахIзаталги тун, къецал ана тIадегIанаб даражаялда, щибаб соналъ районалда гьединал тадбирал тIоритIи лъикIаб букIилин абураб пикруги загьир гьабулаго.



Турнир гIуцIадго ва тIадегIанаб даражаялда иналъе жигараб хIалтIи гьабуна гьелъул гIуцIарухъабаз.

Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе турнир тIобитIизе кумек гьабурал тIадгъакварисезе.

**Хадижат Залимханова**


| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44<br><br>Жавабияв секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна | Техникияв редактор МухIамадова Батул МухIамадовна<br><br>Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4 | «ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)<br><br>Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда. | Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 902 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)<br><br>Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru | Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жавабавторас кьола.<br><br>Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г. |